# XIYWA, BUXARA HÁM QOQAN XANLIQLARINDA MÁMLEKET BASQARIWI

**Tanirbergenov Daurenbek**
*Xojeli rayoni 36-sanli mektep oqitiwshisi*

**Annotaciya:** *Bul maqalada XIX ásirde Oraylıq Aziya aymaǵında bar bolǵan Xiywa, Buxara hám Qoqan xanlıqlarında mámleket basqarıw sisteması, onıń qurılısı, oraylıq hám jergilikli mákemelerdiń wazıypaları talqılanǵan. Sonday-aq, xanlıqlardaǵı siyasiy basqarıw formaları, hákimiyat ierarxiyası hám mámleket apparatınıń jámiyetlik-ekonomikalıq turmıstaǵı ornı jaritilg'an. Maqalada tariyxıy derekler hám ilimiy ádebiyatlar tiykarında xanlıqlardıń basqarıw sistemasındaǵı uqsas hám parıqlı tárepleri talqılanǵan.*

**Tayanish sózler:** *Xiywa xanlıǵı, Buxara ámirligi, Qoqan xanlıǵı, mámleket basqarıwı, oraylıq hákimiyat, wálayat basqarıwı, diwan, ámir, xan, hákimiyat sisteması.*

## KIRISIW

Orta ásirler hám jańa dáwirde Oraylıq Aziya aymaǵında qáliplesken mámleketlik dúzilmeler - Xiywa, Buxara hám Qoqan xanlıqları tek siyasiy emes, al mádeniy hám ekonomikalıq jaqtan da ózine tán rawajlanıw basqıshların basınan ótkergen. Bul xanlıqlar óz dáwiriniń áhmiyetli siyasiy orayları sıpatında region tariyxında úlken iz qaldırǵan. Olardaǵı mámleketlik basqarıw sisteması jergilikli dástúrler, islam huqıqı (sháriyat) hám úrp-ádet nizamları tiykarında qáliplesken bolıp, bul sistema jámiyet turmısınıń barlıq tarawların tártipke salıp turg'an.

XVII-XIX ásirlerde Oraylıq Aziyadaǵı xanlıqlar arasında siyasiy báseki kúsheygen, bul bolsa mámleket basqarıwınıń jetilisken sistemasın qáliplestiriwge túrtki bolgan. Hárbir xanlıqta mámleketlik basqarıw iyerarxiyası anıq belgilengen bolıp, onıń orayında xan yaki ámir turar, onıń hákimiyatı diniy hám dúnyalıq jaqtan sheksiz dep esaplanar edi. Basqarıwdıń tiykargı maqseti xanlıq aymaǵında tártip-intizamdı támiyinlew, salıq jiynaw, áskeriy kúshti saqlaw hám sırtqı siyasattı ámelge asırıwdan ibarat bolgan.

Buxara ámirliginde basqarıw islam huqiqi tiykarında ámelge asırılıp, ámir mámlekettiń hám siyasiy, hám diniy basshısı esaplangan. Xiywa xanlıǵında bolsa mámleketlik basqarıw dástúriy túrkiy basqarıw sisteması hám islam huqıqınıń úylesiwi nátiyjesinde qáliplesken. Qoqan xanlıǵında bolsa hákimiyat oraylasqan halda xan qolinda toplangan bolıp, oniń qol astındaǵı diywan, wázirler, sárkarda hám jergilikli hákimler basqarıw sistemasın shólkemlestirgen.

Solay etip, Xiywa, Buxara hám Qoqan xanlıqlarındaǵı mámleketlik basqarıw sisteması óz ara uqsas bolsa da, hár biri óziniń geosiyasiy sharayatı, ekonomikalıq imkaniyatları hám ishki siyasiy ortalıǵına sáykes túrde rawajlangan. Olardıń basqarıw sistemasın úyreniw tek ǵana tariyxıy kózqarastan emes, al házirgi mámlekechilik dástúrleriniń tamırların ańlaw kózqarasınan da ayrıqsha áhmiyetke iye.

Buxara ámirliginde mámleketlik basqarıw sisteması.

Buxara ámirligi XVII ásirdiń ekinshi yarımınan XIX ásir aqırına shekem Oraylıq Aziyanıń siyasiy hám diniy oraylarınan biri sipatında jumis alıp bargan. Mámleket basqarıwı islam dástúrleri hám sháriyat qaǵıydalarına súyengen halda ámelge asırılgan. Ámir mámlekettiń hám siyasiy, hám diniy basshısı sıpatında tán alınǵan. Onıń hákimiyatı sheksiz dep esaplansa da, ol ulamalardıń másláhátin esapqa alıwǵa májbúr bolǵan. Solay etip, mámleket basqarıwında "din hám mámleket birligi" principi ústin bolgan.

Basqarıwdıń orayında ámir sarayı jaylasqan bolıp, onda tiykargı hákimshilik organlar - divanlar jumis alıp bargan. Diywan basında wáziri aǵzam turgan hám ol mámleket islerin muwapıqlastırıwshı shaxs esaplangan. Oniń qol astında insha diywanı (rásmiy jazıspalar), finans diywanı, áskeriy diywan hám sháriyat diywanı sıyaqlı dúzilmeler bar edi.

Jergilikli basqarıw strukturasında wálayatlar, rayonlar hám awıllar dárejesinde hákimler tayınlanǵan. Walayat hákimi - bek, rayon baslıǵı - amlokdar, awıl dárejesinde bolsa aqsaqallar xizmet etken. Olar salıq jiynaw, tártipti saqlaw, sud islerin qadagalaw hám áskeriy mobilizaciyanı támiyinlew wazıypaların orınlagan. Sud sisteması shariyat tiykarında is alıp barıp, qazılar tárepinen basqarılgan.

Buxara ámirliginde mámleket basqarıwınıń turaqlılıǵı diniy institutlar, ulamalar hám ámir sarayı ortasındaǵı teń salmaqlılıq penen támiyinlengen. Sol sebepli, ol uzaq waqıt dawamında Oraylıq Aziyadaǵı eń tásirli mámleketlerden biri bolıp qalǵan.

Xiywa xanlıǵında mámleketlik basqarıw sisteması.

Xiywa xanlıǵı XVII ásir baslarında Xorezm aymaǵında qáliplesken bolıp, túrkiy mámlekechilik dástúrleri hám islam huqıqı tiykarında basqarılgan. Mámlekettiń joqarı húkimdarı - xan bolıp, ol siyasiy hám áskeriy basshi sipatında mámlekettiń barlıq tarawların qadagalagan. Xanlıqta hákimiyat miyras joli menen atadan ulga ótken, biraq ayırım jagdaylarda saray joqarı hámeldarlarınıń másláháti menen de xan tayınlangan.

Xanlıqta basqarıw sisteması oraylıq diywan átirapında shólkemlestirilgen. Divanda wázir, shigarma jazıwshı, sárkarda, mirshab bası (huqıq-tártip xizmeti baslıǵı) hám muftiy sıyaqlı lawazımlar bolgan. Diywanniń tiykarǵı wazıypası mámleket islerin muwapıqlastırıw, salıq jiynaw, sırtqı baylanıslardı támiyinlew hám áskeriy tayarlıqtı shólkemlestiriwden ibarat bolgan.

Jergilikli basqarıwda wálayatlar "beklikler"ge bólingen, hárbir beklikte bek yamasa hákim jumis alıp bargan. Olar xanǵa esap berip, jergilikli ekonomikalıq hám sociallıq turmıstı qadaǵalaǵan. Awil dárejesinde bolsa aqsaqallar hám gayratkerler jámiyetti basqargan. Sud isleri shariyat qaǵıydaları tiykarında qazılar tárepinen ámelge asırılǵan.

Xiywa xanlıǵında mámleketlik basqarıwdıń áhmiyetli tárepi - jergilikli avtonomiyanıń bar ekenligi bolgan. YAǵnıy ayırım aymaqlar xanǵa baǵınǵan halda, ishki islerin biyǵárez júrgiziw huqıqına ie bolǵan. Bul jagday xanlıqtıń hákimshilik turaqlılıǵına járdem bergen, biraq geyde siyasiy pıtıranshılıqqa da sebep bolgan.

Qoqan xanlıǵında mámleketlik basqarıw sisteması.

Qoqan xanlıǵı XVIII ásir baslarında Fergana oypatlıǵında júzege kelgen bolıp, ol tez arada Oraylıq Aziyadagi en kúshli siyasiy oraylardan birine aylangan. Mámleketlik

basqarıw sisteması túrkiy dástúrlerge tiykarlanǵan bolsa da, onda ámeliylik hám áskeriy tártip ústin orın ielegen.

Xan mámlekettiń tolıq húkimdarı bolıp, onıń hákimiyatın sheklewshi hesh qanday institucional organ joq edi. Xannıń húkimleri mámleket nızamı esaplangan. Oniń járdemshileri sipatında wázirler, diywanbegi, saray aǵzaları, sárdarlar hám qazıqalan xizmet etken. Mámleket isleri tiykarınan xan diywanı arqalı basqarılıp, ol hákimshilik, ekonomikalıq hám áskeriy wazıypalardı muwapıqlastırgan.

Jergilikli basqarıwda wálayatlar, rayonlar hám awıllar dárejeleri bolgan. Hárbir wálayatqa xan tárepinen hákim (bek) tayınlangan. Olar jergilikli xalıqtan salıq jiynaw, áskeriy mobilizaciyaga basshılıq etiw hám jámiyetlik tártipti támiyinlew menen shuǵıllangan. Auıl dárejesinde aqsaqallar iskerlik júrgizgen.

Qoqan xanlıǵında sud isleri eki bagdarda ámelge asırılgan: sháriyat sudları (qazı hám muftiyler) hám úrp sudları (ámeliy kelispewshiliklerdi sheshiwshi jergilikli organlar). Bul sistema xalıq máplerine beyimleskenligi menen ajıralıp turǵan.

Qoqan xanlıǵında mámleket basqarıwı salıstırmalı oraylasqan bolıp, xan barlıq qararlardı jeke ózi qabıl etken. Sol sebepli, onıń jeke potencialı mámleketlik basqarıwdıń nátiyjeliligine tikkeley tásir kórsetken.

Xanlıqlar basqarıwınıń ulıwmalıq hám ayırmashılıq tárepleri.

Xiywa, Buxara hám Qoqan xanlıqları basqarıw sistemaların analizlegende, olardıń bir qatar uqsas tárepleri bar ekenligin kóriw múmkin:

Mámleket basqarıwınıń orayında xan yaki ámirdiń tolıq hákimiyatı turgan;

Diywan sisteması barlıq xanlıqlarda hákimshilik oray wazıypasın atqargan;

● Jergilikli hákimler (bekler, amlokdarlar, aqsaqallar) mámleket siyasatı hám salıq sistemasın ámelge asırgan;

● Sud isleri sháriyat hám úrp-ádet qaǵıydaları tiykarında alıp barılgan;

● Áskeriy strukturalar mámleket qáwipsizligin támiyinlewde áhmiyetli rol oynagan.

Parıqlı tárepleri bolsa tómendegishe:

● Buxara ámirliginde dinniń mámleket islerine tásiri kúshli bolgan.

● Xiywa xanlıǵında jergilikli avtonomiya joqarı bolgan.

● Qoqan xanlıǵında bolsa oraylasqan áskeriy-hákimshilik basqarıw ústin bolgan.

Juwmaq

Xiywa, Buxara hám Qoqan xanlıqlarındaǵı mámleketlik basqarıw sistemasın tallaw sonnan derek beredi, bul siyasiy strukturalar Oraylıq Aziya tariyxında ózine tán mámlekechilik dástúrlerine iye bolgan. Olarda basqarıwdıń tiykarǵı principleri islam huqıqı, jergilikli úrp-ádetler hám áemgi túrkiy mámlekechilik ideyalarına súengen. Xan yaki ámir shaxsı mámlekettiń tolıq húkimdarı bolıp, onıń qolında siyasiy, áskeriy hám diniy hákimiyat toplangan. Bul jaǵday oraylasqan basqarıw sistemasın qáliplestirgen bolsa da, házirgi waqıtta jergilikli hákimler ǵárezsizlikke umtılıp, ishki siyasiy turaqlılıqqa qáwip salǵan jaǵdaylar da baqlanǵan.

Buxara ámirliginde mámleket basqarıwınıń ilimiy hám diniy tiykarları bekkem bolıp, ol islam huqıqı hám ulamalardıń tásirine úlken áhmiyet bergen. Sol sebepli, ámir hákimiyatı sháriyat qaǵıydaları menen sheklengen halda ámel etken. Xiywa xanlıǵında bolsa mámleketlik basqarıw salıstırmalı dástúriy, túrkiy mámlekechilik usıllarına jaqın bolıp, diywan sisteması arqalı oraylıq basqarıw ámelge asırılgan.

Qoqan xanlıǵında bolsa basqarıwda ámeliylik hám áskeriy intizam ústin bolıp, xannıń siyasiy erki sheshiwshi áhmiyetke iye bolgan. Bul ayırmashılıqlar hárbir xanlıqtıń geosiyasiy sharayatı, ishki dúzilisi hám sırtqı qatnasıqlarına baylanıslı halda júzege kelgen.

Uliwma alganda, Xiywa, Buxara hám Qoqan xanlıqları mámleketlik basqarıwınıń uliwma ózgeshelikleri - oraylasqan hákimiyat, diywan sisteması, salıq hám áskeriy basqarıwdıń bar ekenligi, jergilikli hákimiyattıń iyerarxiyalıq tártipte bolıwı menen xarakterlenedi. Soniń menen birge, hárbir xanlıqta basqarıw sisteması waqit ótiwi menen reformalar yaki siyasiy gúresler tásirinde ózgerip bargan. XIX ásirdiń ekinshi yarımında Rossiya imperiyasınıń basqınshılıǵı hám regiondaǵı geosiyasiy ózgerisler nátiyjesinde bul basqarıw sistemaları kriziske ushıraǵan hám jańa administrativlik basqarıw formaları payda bolgan.

Tariyxiy jaqtan alganda, bul xanlıqlar tájiriybesi házirgi Ózbekstan mámleketlik basqarıw sistemasınıń tamırların úyreniwde úlken áhmiyetke iye.

Olardaǵı mámleket dúzilisi, basqarıwdaǵı nızamshılıq hám hákimshilik dástúrler, hákimiyat wákillikleriniń bólistiriliwi - búgingi zamanagóy basqarıw modelleri ushın tariyxıy tiykar bolıp xızmet etedi. Sol sebepli, Xiywa, Buxara hám Qoqan xanlıqlarındaǵı mámleketlik basqarıw sistemasın tereń úyreniw, onıń unamlı táreplerin talqılaw hám olardan sabaq shıǵarıw milliy mámleketshiliktiń rawajlanıwı ushın teoriyalıq hám ámeliy áhmiyetke iye.

## PAYDALANILǦAN ÁDEBIYATLAR:

1. Masalieva O. "Buxoro, Xiva va Qo'qon xonliklari tarixi" (nomzodlik dissertatsiyasi) — Tashkent, 1998.

2. "Ózbekstan tariyxi" sabaqlıq. Tashkent-2019

3. "История Узбекистана (Бухарский эмират, Хивинское и Кокандское ханства)" (учебник)